



Li lè pou konsève dlo

Chè fanmi ak kòlèg,

Otòn sa a, akòz tikras kantite lapli ki tonbe nan yon pwenn rekò, nou santi efè chanjman klima a bò isit la nan Vil Nouyòk. Nan kòmansman mwa sa a, yon dife te pran nan Prospect Park Brooklyn, akòz kondisyon sechrès yo. Avèk rezèvwa ki nan zòn upstate nou yo ak lòt sous dlo ki desann nan nivo pi ba pase kote yo ta dwe ye nan epòk sa a nan ane a, nou anba yon avètisman sechrès ofisyèlman. Kòm yon vil, li lè pou nou pran mezi pou konsève dlo.

Chak grenn nan nou—soti nan elèv pase nan manm estaf rive nan fanmi—ka jwe yon wòl pou pwoteje rezèv dlo nou an. Men kèk konsèy ak trik Depatman woteksyon anviwònman Vil Nouyòk bay pou konsève dlo nan lekòl ak kominote nou yo:

- Diminye nan tan ou fè lè w ap benyen! Lè w retire senk minit nan tan ou fè lè w ap benyen, l ap ede konsève 25-35 galon.
- Fèmen tiyo a lè w ap bwose dan w ak lave asyèt.
- Itilize yon machin pou lave rad oswa machin pou lave asyèt sèlman lè li plen.
- Di yon pwofesè yon manm fanmi si ou wè dlo ap degoute.
- Rele 311 pou rapòte yon bouch ensandi ki louvri oswa k ap degoute.

Pou plis konsèy sou fason pou konsève dlo, mwen ankouraje w ale sou [sitwèb](#) Depatman pwoteksyon anviwònman an. Ou ka jwenn plis enfòmasyon tou konsènan efò NYCPS ap fè pou kenbe nivo dlo a [la a](#). Pou edikatè nou yo: tcheke [Sustainability Hub](#) pou resous edikasyon sou klima a ak pou aktivite nan salklas.

Mwen fyè dèske lekòl nou yo déjà ap pran aksyon pou sipòte anviwònman an epi bese efè chanjman klima yo, soti nan fè konpòs nan tout vil la rive nan [Jounen aksyon pou pwoteksyon klima nou an](#). Men, nou ka fè plis toujou. Avèk 1,600 lekòl ak plis pase yon milyon elèv ak estaf, kominote NYCPS nou an gen opòtinite—epi, mwen santi bezwen ijan—pou fè yon diferans reyèl pandan n ap leve defi sa a atravè vil nou an. Mwen ankouraje nou chak fè sa nou dwe fè a pou konsève dlo.

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).